

**Se Djeride Jean Baptiste ki prepare plan leson sa a.**

**Tit leson an :** Dekouvri solidarite ki genyen nan istwa *Janjak ak Freda ale nan Sitadèl la*.

**1- Objektif :**

Aprè aprenan yo fin li istwa *Janjak ak Freda ale nan Sitadèl la*, plan leson sa a vle ede yo :

- konprann istwa *Janjak ak Freda ale nan Sitadèl la* ;
- dekouvri Sitadèl la ak kèk nan objè istorik ki ladan ;
- konprann konsèp « solidarite » a ;
- konprann kèk pwovèb kreyòl ki gen rapò ak konsèp « solidarite » a.

**A- Pou pwofesè a :**

Depi avan menm aprenan yo kòmanse li istwa a, pwofesè a ka ede yo dekouvri egzistans Sitadèl Laferrière.

**1- Pou sa fèt, pwofesè a ka poze kèk kesyon pou l ede aprenan yo dekouvri :**

- ki kote Sitadèl la ye ;
- nan ki kontèks istorik Sitadèl la te bati ;
- pou ki rezon Sitadèl la te bati.

**2- Kon sa tou, pwofesè a ka poze kèk kesyon pou l ede aprenan yo dekouvri sans pwovèb ki nan istwa a :**

- ki sa yon pwovèb ye ;
- ki kote pwovèb yo soti ;
- ki jan yo ka asosye pwovèb yo ak konsèp « solidarite » y ap dekouvri nan istwa a.

**An- Pou elèv yo :**

**1 - An n konprann istwa a :**

a) - Pandan Janjak t ap monte sou pil boul kanon yo, jiska konbyen boul kanon li te gen tan konte ?

an) - Nan batay kont ki lame zansèt nou yo te kaptire pifò nan kanon sa yo ?

b) - Ki sa Janjak ak Freda te wè dèyè touf pye bwa a ?

**2- Aprè tout sal klas la fin li istwa *Janjak ak Freda ale nan Sitadèl la*, pwofesè a ap ede aprenan yo apwofondi istwa a :**

a) - Mande aprenan yo ki sa yo konprann de konsèp « solidarite » a.

an) - Idantifye kèk kote nan istwa a te gen yon aksyon solidarite ki te poze.

b) - Ki sa Madan Pierre te vle di ti moun yo lè l te deklare : « Zwazo pa vole ak yon sèl zèl » ?

ch) - Idantifye yon lòt pwovèb nan istwa a ki gen relasyon ak konsèp « solidarite » a.

d) - Nan ki sitiyasyon aprenan yo konn aplike konsèp « solidarite » a pami yo oswa ak lòt zanmi yo ?

**3 - An n pratike :**

a) - Pwofesè a ap mande aprenan yo pou yo divize an gwoup.

an) - Chak gwoup ap imajine epi ekri yon istwa kote yo te vizite yon kote ansanm.

*(Nan istwa sa a, y ap rakonte ki jan vizit la te kòmanse, ki sa ki te rive pandan vizit la ki te fè yo kontan, tris oubyen fache, epi ki jan sa te fini.)*

b) - Chak gwoup ap fè yon desen pou montre tout pèsonaj ki nan istwa a.

d) - Chak gwoup ap rakonte istwa pa yo devan tout sal klas la.